



Pou Piblikasyon Imedya: 16/04/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 59% KVASANS NAN ENDISTRI BYÈ ATIZANAL NY PANDAN YON LANE

Nouvo etid jwenn ke klima biznis akeyan ap favorize kwasans eksploziv sa

Li gen yon enpak \$3.5 milya sou ekonomi New York

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke endistri byè atizanal Eta New York te grandi de 59% nan 2013 a 2014, avèk yon enpak ekonomik total ki estime a \$3.5 milya. Rezilta sa yo, dapre yon rapò rechèch Asosyasyon Brasri Eta New York ak Fondasyon Wine and Grape New York te prepare, nou te wè yon lòt egzanp nan kwasans enkwayab endistri a. Ou ka wè rapò a [la](#).

“Nou te di anplizyè fwa ke New York pwodui kèk nan pi bon bwason atizanal pase nenpòt lòt kote, e rapò sa apwiye egzakteman rezon ki fè nou konsantre sou brasri sa yo,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Lè nou koupe nan depans pou fè biznis, diminye nan fòmalitye administratif, epi ankouraje pwodui yo atravè Taste NY, nap obsève yon siksè fòmidad toupatou nan eta. Lè pwodiktyè bwason atizanal sa yo travay byen, li kreye travay, mete plis lajan nan ekonomi lokal yo epi prepare teren an pou pwochen kwasans.”

Gwoup rechèch Stonebridge te prepare rapò a, yo te jwenn kwasans enpòtan nan endistri byè atizanal depi pasaj lwa sou Brasri Agrikòl New York nan ane 2012 e avèk sipò kontinyèl Gouvènè a. Kantite brasri atizanal yo te double de 2012 a 2015, apati 95 brasri nan 2012 ak 207 nan janvyè 2015. Pwodiksyon byè Atizanal monte jiska 54% de 2011 a 2013, a 859,535 barik.

Endistri byè atizanal la ap kreye gwo vag nan ekonomi eta. Byè atizanal reprezante 6,552 travay dirèk nan endistri a, dapre rapò a, pandan lap sipòte yon lòt 4,814 djòb nan menm endistri ki gen rapò yo. Li responsab pou plis pase \$2.9 milya nan revni dirèk ak endirèk nan eta, e yon lòt \$554 milyon nan salè dirèk ak endirèk, reprezante prèske \$3.5 milya nan enpak ekonomik total nan eta.

Touris ansanm avèk Nouyòkè yo se twoupo pou brasri atizanal ak brasri -kafe. Vizit yo sipòte plis pase 3,000 djòb ki peye plis pase \$77 milyon nan salè anyèl e li jenere plis pase \$450 milyon nan revni, rapò a te deklare.

Gouvènè Cuomo te òganize plizyè somè pou byè, diven, bwason ak endistri sidr. Somè sa yo te lakoz nan yon efò enpòtan pou elimine règleman fòmaliite administratif epi kreye rekonpans pou kwasans solid endistri a. Pami lòt efò yo:

- Resan Bidjè 2015-16 eta te adopte a gen ladan pwopozisyon Gouvènè Cuomo pou elaji egzansyon taks pou degistasyon ki te fèt pa brasri New York yo, diminye depans pou plizyè santèn pwodikèt atizanal epi pèmèt yo pi byen komèsyalize pwodui yo epi re-vesti nan biznis yo. Kredi taks la ap antre anvigè apati 1ye jen 2015.
- Nan novanm 2014, Gouvènè a te siyen Lwa sou Craft New York, plis stimile devlopman ti brasri yo nan redwi depans ak ogmante barèm pwodiksyon anyèl pou brasri agrikòl ak mikwo-brasri yo apati 60,000 barik a 75,000. Egalman nan novanm 2014, Gouvènè a te lanse pwogram sibvansyon Bwason atizanal — yon pwogram sibvansyon pwomosyon ak maketing bwason atizanal \$ 2 milyon dola ak sibvansyon pwomosyon endistri touris bwason atizanal \$1 milyon dola.
- Dezyèm Somè Diven, Byè, Bwason, ak Sidr, nan 2014, te lakoz nan eliminasyon dokiman pou pwodikèt bwason yo pandan lap redwi depans ak règleman nan etablisman diven agrikòl yo.
- Kreyasyon an nan ane 2013 yon Gichè Acha yonsèl-arè pou bay pwodikèt bwason yo avèk yonsèl pwen kontak nan règleman eta, lisans, rekonpans, ak lòt kesyon.
- Lwa sou Sidri Agrikòl nan 2013, sa ki te favorize devlopman rapid segman nan ogmantasyon endistri bwason sidr brit la, kondwi a yon kwasans 480% nan kantite sidr de 2011 a 2014.
- Lejislasyon an Gouvènè a te siyen nan ane 2012 ki pèmèt distilri agrikòl yo vann pwodui yo nan gwo fwa Eta New York, nan fwa konte ki rekonèt, ak nan mache agrikòl non-pwifè yo.
- Premye somè Diven, Byè ak Bwason, nan 2012, te bay pwodikèt yo kapasite pou vann boutèy yo lè yap fè degistasyon, te elimine repetisyon lisans epi redwi frè lisans yo.
- Efò siksè New York State Liquor Authority te fè pou akselere pwosesis pou revize nouvo lisans manifakti yo. Yo te koupe tan revizyon an ande, de 83 jou nan 2010 a 38 jou nan 2014.
- Efò pwomosyon pwogram Taste NY Gouvènè a, sa ki te pote echantiyonaj konsamatè bwason New York ak lòt pwodui yo nan gwo aktivite toupatou nan eta, e sa ki fè pwodui sa yo disponib nan magazen espesyal yo nan arè repo Thruway ak nan zòn ayewopò Vil New York yo.
- Kreyasyon yon fon \$350,000 pou sipòte rechèch sou oublon ak nan lòj brasri, rekòlt yo ki esansyèl pou kwasans endistri byè atizanal. Maladi ak entèdiksyon te aneyanti fèm oublon New York pandan desini ki sot pase a, men resan lwa sou Brasri agrikòl Gouvènè a te siyen an mande ke brasri atizanal New York yo jwenn 20% nan engredyen yo nan eta, yon pousantaj ki pral ogmante pandan letan a 60% e apres a 90%. Sipò eta te lakoz nan yon ogmantasyon rapid nan sipèfisi oublon, nan sèlman 15 kawo tè nan 2010 a 250 kawo tè nan 2014 avèk plis ki ankou.

Richard A. Ball, Komisyonè Agrikilti Eta New York, te deklare, “Estatistik sa yo bay yon istwa ke Nouyòkè yo ka wè plènmman nan preske nenpòt kominote nan jou sa yo—endistri bwason eta enpòtan, ap grandi, ak yon pati enpòtan nan ekonomi eta. Nou angaje pou n kontinyèlman chèche mwayen pou n fè avanse kwasans endistri bwason eta.”

David Katleski, Prezidan ak Ko-Fondatè Asosyasyon Brasri Eta New York, te deklare, “Lè yo te fonde Asosyasyon Brasri yo nan 2003 te genyen sèlman 38 brasri nan eta. Jodia, gen plis pase 200. Grasa ane etablisman relasyon nan Albany, nou te anmezi pou ede elabore yon lwa ki poze fondasyon pou kwasans nap wè jodia. Eta New York sètènman sou rada nasyonal kòm yon pwisans nan brasri, e chif sa yo montre rezilta yon byè atizanal akeyan nan Eta New York.”

Paul Leone, Direktè Egzekitif Asosyasyon Brasri Eta New York, te deklare, “Enpak ekonomik anjeneral byè atizanal te grandi pa \$1.3 milya de 2012 a 2013 se yon temwayaj nan sipò ke nap resevwa nan men Gouvènè Cuomo ak administrasyon li a. Anviwonman reseptif Eta New York a byè atizanal te kreye yon klima ki fèt pou remete lajan nan brasri yo ansanm avèk anplwaye yo. Nou wè kwasans ane apre ane, e pat jan gen yon moman ki pi enteresan pou w nan endistri sa.”

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418